



SONDAJ MAYISID

AYITNOUVLEA.ORG/SONDAJMAYISID

KONTAK

+509 38 86 11 35

kominikasyon@ayitinouvlea.org

www.ayitinouvlea.org

1, rue Viala, Delmas 33
Parc Midoré
Delmas, Haiti

Aprè asasina prezidan Repiblik la, Jovenel Moïse, kriz politik n ap viv la antre nan yon vid enstitisyonèl san presedan. Pandan diskisyon ap fèt sou direksyon peyi a dwe pran, ANVA fè yon sondaj pou konn sa popilasyon an panse de sityasyon n ap viv la..

Lanmò Prezidan Jovenel Moïse planje nou nan yon sityasyon ki deyò ni konstitisyon, ni lalwa, san ankenn pwovizyon sou kijan pou n vanse. Kesyon sondaj la rebran esansyèl sa ki t ap dit nan espas piblik la 15 jou aprè asasina a. Sondaj sa te fèt soti 4 dawou rive 9 septanm 2021.

Entèvyou: Vanessa Ariel Paul

Pòtoprens, 17 septanm 2021

Selil Estrateji
Espesyalis politik piblik
E: vanessa.paul@ayitinouvlea.org

Sondaj. Aprè lanmò prezidan Repiblik la, 58% Ayisyen vle pou peryòd tranzisyon an kout e popilasyon an sanble divize sou kijan ak kilès ki dwe dirije peyi a

« Ayiti Nou Vle A » òganize yon sondaj aprè asasina Jovenel Moïse. Rezilta sondaj la montre yon gran majorite Ayisyen (75%) panse kominote entènasyonal la gen yon wòl pou jwe nan tranzisyon an menmsi yo divize sou kijan entèkansyon sa dwe fèt. Majorite moun (58%) ki patisipe nan sondaj la panse peryòd tranzisyon n ap viv la dwe kout men yo divize sou kilè eleksyon dwe fèt oubyen fòm tranzisyon an dwe pran. Anfen, 49.5% moun ki te reponn ankèt la di yo fè Ariel Henry konfyans pou l dirije men menm moun sa yo vle tranzisyon an kout; lòt 49% an divize ant moun ki panse aktè politik ak sosyete sivil la dwe dirije (16%), etranje dwe mete peyi a sou titèl (13%), yon jij ki soti nan Kou Kasasyon dwe dirije (8.5%).

Bawomèt ANVA

Done sou opinyon, demografi, ak lòt tip rechèch nan syans sosyal.
E: bawomet@ayitinouvlea.org

Soti 4 dawout rive 9 septanm 2021, Ayiti Nou Vle A òganize yon sondaj nan telefòn sou yon echantyon mil swasant disèt moun segman te pa sèks, laj, depatman jeyografik ak kote yo abite pou mezire kijan popilasyon an panse peyi a dwe dirije aprè zak sasinay Jovenel Moïse la. Rezilta sondaj la montre yon popilasyon ki jeneralman divize sou jan li konprann sityasyon peyi a sou diferan pwèn, tankou wòl entènasyonal la dwe jwe nan aprè lanmò prezidan Jovenel Moïse, ki tip tranzisyon peyi a dwe genyen, konbyen tan e kilès ki dwe dirije tranzisyon an.

Dapre yon sondaj Ayiti Nou Vle A (ANVA), yon asosyasyon ayisyèn ki ankouraje patisipasyon sitwayèn, yon gran majorite Ayisyen panse entènasyonal la dwe jwe yon wòl nan peryòd tranzisyon peyi a ap travèse nan aprè lanmò ansyen prezidan Jovenel Moïse (75%), men gran majorite sa a divize sou ki jan entèkansyon sa dwe fèt: 30% moun ki te reponn kwè kominote entènasyonal la dwe chita ak aktè politik yo pou jwenn yon solisyon, 20% panse Nasyon Zini dwe voye on misyon militè vin asire estabilite pou eleksyon ka fèt, 14% di Etazini dwe voye solda vin asire sekirite, 10% panse Etazini dwe met peyi a sou titèl. 25% moun ki te reponn panse Entènasyonal la pa dwe jwe ankenn wòl, paske Ayiti se yon peyi endepandan.

Rezilta yo montre anpil diferans tou nan opinyon popilasyon an sou kijan ak ki lè eleksyon ta dwe òganize. Si majorite (58%) moun ki reponn sondaj la panse peryòd tranzisyon n ap viv la ta dwe kout, yo divize sou kilè eleksyon dwe fèt e ki fòm tranzisyon an dwe pran. 27% moun panse eleksyon yo te dwe fèt nan mwa septanm jan sa te prevwa, 29% panse fò yon nouvo konsey elektoral met sou pye an pwemye, 29% panse fòk yon gouvènman tranzisyon dirije peyi a pou yon lane. 14% moun panse tranzisyon an dwe dire plis pase yon lane.

Moun ki te reponn ankèt la divize tou sou kilès ki dwe dirije peyi a nan peryòd sa. 49.5% moun ki te reponn ankèt la di yo fè premye minis Ariel Henry konfyans pou l dirije. Menm moun sa yo vle yon tranzisyon kout. Pakont, 49% moun opoze ak Ariel Henry, epi gen preske 1% moun ki pat vle bay avi yo sou pwèn sa a. Gwoup ki pa vle Henry kom chèf divize prensipalman ant yon gwoup moun (32%) ki panse se yon ekip tranzisyon ki soti nan yon konsansis nan mitan aktè politik yo ak sosyete sivil la (angwo aktè politik non eli yo) ki dwe dirije, ak yon gwoup (30%) ki panse etranje dwe met peyi a sou titèl. Yon gwoup pi piti (17%) panse se yon jij ki soti lakou Kasasyon ki dwe dirije. O total se 16% popilasyon an sèlman ki panse se yon gouvènman tranzisyon ki soti nan yon konsansis ant aktè politik non eli yo ki dwe dirije tranzisyon an.

Rezilta sondaj sa montre akèl nivo konfizyon ki genyen nan sosyete a. Men li montre tou ke elektè yo vle egzèse dwa yo pou vote lib e libè pou chwazi dirijan yo nan yon tan ki pa twò long (yo vle yon tranzisyon kout); sa ki sanble make yon diferans ak diskou aktè politik yo k ap mande yon tranzisyon 24 mwa.

Rezilta sa yo konfime tandans nou te konstate an 2019 ak an 2020, kote popilasyon an te rejte klas politik la e te ekspriye preferans li pou eleksyon ki òganize rapidman. Li montre konsistans kwayans pèp ayisyen an nan prensip demokratik yo ansanm ak volonte li genyen pou patisipe epi ede garanti eleksyon ki kredib.

Sondaj sa rive fèt ak sipò Laboratwa statistik Trend Media konpayi Digicel.

Pou plis enfòmasyon sou sondaj sa ak analiz nou so rezilta yo, vizite:
<https://www.ayitinouvlea.org/sondajmayisid>

KONTNI


Rezime global	2
Bawomèt ANVA	6
Misyon	6
Rechèch	6
Metòd	6
Ekip	6
Finans	6
Metodoloji	7
Chwa zouti	7
Chwa estratifikasyon	7
Chwa Trend Media	7
Operasyonalizasyon	8
Kritè	8
Segmantasyon	8
Kesyon	9
Rezilta	11
Analiz repons yo	11
Etalonaj, tandans ak konparezon	11
Tretman done	11
Konklizyon	12

■ Rezime global

Sòti 4 dawout rive 9 septanm 2021, Ayiti Nou Vle A òganize yon sondaj pa telefòn sou yon popilasyon mil swasantdisèt (1077) moun segmante pa sèks, laj, depatman jeyografik ak kote yo abite. Sondaj sa se pou ede konprann kijan popilasyon an wè sa ki dwe pase apre lanmò Prezidan peyi a, Jovenel Moïse. Li fèt plis pase de semèn apre lanmò a, lè emosyon yo sanse desann. Sondaj sa enstale l nan kad jefò asosyasyon an ap fè pou fasilite deba nan espas piblik ki baze sou lasyans, bon done, ak bon konprann. Menm jan ak sondaj nou te reyalize an 2019 ak 2020 yo, sondaj sa montre majorite a kontinye kwè nan nesosite eleksyon pou rezoud kriz peyi a ap travèse. Sondaj la pèmèt tou konprann kijan popilasyon an wè kominote entènasyonal la nan kriz la - li dwe entèveni - ansanm ak kijan yo wè tranzisyon an - li dwe kout.

■ Sou wòl entènasyonal la

1- Wòl Entènasyonal la dwe jwe nan apre lanmò Jovenel Moïse




Sou chak 4 moun, 3 panse kominote entènasyonal la dwe jwe yon wòl nan tranzisyon apre Jovenel Moïse l la. Fason pou entèvansyon sa fèt la mwens klè. Si rechèch solisyon ak aktè politik yo gen yon ti avans ak 30%, opsyon ki pi volontaris yo pa lwen. Yon entèvansyon militè NasyonZini jwenn asantiman 20%; Etazini jwenn 24%, avèk 10% ki mande mete peyi a sou titèl.

Popilasyon an sanble rekonèt pwa kominote entènasyonal la - Core Group la - e an patikiliye Etazini genyen sou politik peyi a e refleksyon an plis sanble sou kijan pou viv ak enfliyans sa olye rejte l antanke peyi endepandan.

■ Sou eleksyon yo


2- Ki lè eleksyon ta dwe fèt ?



Plis pase 8 moun sou 10 (84.5%) pa swete tranzisyon apre Jovenel Moïse la depase yon lane. Pami yo, 3 (29.15%) ta swete eleksyon fèt apre yon nouvo konsèy elektoral kreye, anviwon 3 (26.55%) panse eleksyon yo ta dwe fèt mwa septanm sa, anviwon 3 (28.88%) panse yo ta dwe fèt nan yon lane.

■ Sou tranzisyon an

3- Èske w fè nouvo gouvènman Ariel Henry a konfyans pou dirije peyi a annatandan eleksyon fèt ?




Popilasyon ki dakò pou Ariel Henry dirije peyi a annatandan eleksyon (49.5%) pratikman menm ak popilasyon ki pa dakò a (49%).

Nou ka konpare rezilta sa yo ak to konfyans Prezidan Jovenel Moïse te jwenn an 2019 (45%) ak 2020 (40%). Yon bon pati nan popilasyon an sanble jeneralman favorize statu quo nan tèt peyi a annatandan eleksyon.

Moun ki pa fè Ariel Henry konfyans yo divize sou kilès ki ta dwe pran plas li.

4- Si se pa Henry, kiyès ?



Pami 1077 patisipan yo, prèske menm valè moun (16.06%) chwazi yon ekip ki soti nan yon konsansis ayisyen ak valè (15.22%) ki panse Ayiti bezwen sou titèl kominote entènasyonal la. Lòt solisyon ki te diskite apre asasina prezidan Repiblik la pa jwenn gwo adezyon nonplis: yon jij kou Kasasyon (8.44%), ansyen Premye Dam nan (3.89%), ankenn repons (3.71%), Prezidan Sena a (1.29%).

■ Sou done sondaj la

Pou moun ki enterese, tout done yo disponib sou sit entènèt nou nan www.ayitinouvlea.org/sondaymayisid kote yon kat entèaktiv pèmèt tout moun gen aksè a done yo, pwodui grafik, fè analiz, elt.

■ **Tablo rezilta yo**

Total: 1077

1- Ki wòl Entènasyonal la dwe jwe nan apre lanmò Jovenel Moise ?	
1. Kominote entènasyonal la dwe chita ak akte politik yo pou jwenn solisyon	324
2. Ankenn wòl, nou se yon peyi endepandan	270
3. Nasyon Zini dwe voye yon misyon milite vin asire estabilite pou eleksyon ka fèt	211
4. Etazini dwe voye sòlda vin asire sekirite	148
5. Li lè pou Etazini pran peyi, li klè Ayisyen pa konn sa pou yo fè avè l	110
6. Lòt	14
a. M ta renmen pou entènasyonal la ta fè nou jwenn jistis pou Prezidan Jovenel	9
b. M ta renmen pou entènasyonal remanbre lame dAyiti	1
c. Pa vle reponn	1
d. Sa k pou fèt la li ekri deja	1
e. M ta renmen se Larisi ki vin pran peyi a	1
f. M ta renmen se Larisi ki pou ta vini fè dezameman	1
2- Ki lè eleksyon ta dwe fèt ?	
Aprè fòmasyon yon nouvo konsèy elektoral	314
Aprè yon gouvènman tranzisyon yon (1) lane	311
Nan mwa Septanm 2021, jan l te deja prevwa	286
Aprè yon gouvènman tranzisyon de (2) lane	80
Aprè yon gouvènman tranzisyon twa (3) lane	67
Pa vle reponn	16
Eleksyon poko ka fèt nan peyi an pou kounya	2
Pa kwè nan eleksyon Ayiti	1
3 - Èske w fè nouvo gouvènman Ariel Henry a konfyans pou dirije peyi a annatandan eleksyon fet ?	
Wi	534
Non	528
Pa vle reponn	11
Pa konnen te gen yon nouvo gouvènman an plas	4

4- Si w te reponn non nan kesyon anvan an, kiyès ou panse ki ta dwe dirije peyi a annatandan eleksyon fèt ?	
Yon ekip tranzisyon ki soti nan yon konsansis ant akte politik yo ak sosyete sivil la	173
Pesonn. Kominote entenasyonal la dwe mete Ayiti sou titel annatandan eleksyon ka fet	164
Yon jij ki soti lakou Kasasyon	91
Premye Dam Martine Moise	42
Pa vle reponn	40
Prezidan Sena a	14
Yon moun ki pa nan politik menm	9
Repons la nan kostitasyon an	4
Pa gen youn nan yo ki fyab selon li	3
Aktè politik yo ki dwe met tèt ansanm pou eleksyon fèt nan peyi an	1
Moise Jean Charles	1
Yon moun ki respekte tet li	1

■ Bawomèt ANVA

Bawomèt ANVA se yon laboratwa done sou opinyon, demografi, ak lòt tip rechèch nan syans sosya. Li la pou chèche done objektif, ki pa nan patizan, pou enfòmè piblik la sou kesyon, atitud ak tandans ki defini sosyete n ap viv ladann nan. Li sitou mennen ankèt opinyon, rechèch ou demografi ak lòt tip rechèch nan syans sosyal. Done sa yo ka itil apre pou enfòmè pwopozisyon politik **Laboratwa Lide ANVA** a.

Nan peyi nou an, chak moun ka di sa yo pi pito. Lè gen kriz nan peyi a, pa gen enstiti sondaj ki pou fè nou konnen sa pi fò moun nan peyi a panse sou kriz la, sou aktè kriz la. Si li enpòtan lè gen kriz konnen sa nou chak panse, konnen sa moun yo panse de anje pou avni peyi a, ak chwa politik ekonomik, sosyal, gen tout enpòtans pa l tou.

Misyon

Kreye yon baz lasyans, bon done ak bon konprann pou anrichi dyalòg, deba k ap fèt nan espas piblik, pou fasilite desizyon ki pran ak jèvrin, ki favorize inovasyon. Se pou sa nou ensiste sou endepandans, objektivite, egzaktitid, rigè ak tranparans.

Rechèch

Etidye politik ak politik piblik an Ayiti, jounalis ak medya, syans ak teknoloji, relijyon ak kwayans, atitud ak tandans nan popilasyon an, menm jan ak demografi l.

Metòd

Itlize estanda metodoloji ki pi elve, an adekwasyon ak sijè ak zòn n ap etidye a.

Ekip

Ekspè ki konbine kapasite jounalistik pou rakonte istwa ak rigè analitiki syantifik sosyal yo. Ekspè nan diferan syans sosyal (politik, ekonomi, relasyon entènasyonal, elt.).

Finans

Sondaj fen lane yo enskri dezomè nan fonksyonman anyèl asoyasyon an. Dèke l posib, se fon fisidysè n ap mete sou pye pou finanse Laboratwa Lide a k ap anchaj finanse sondaj pou Bawomèt la.

■ Metodoloji

Yon **sondaj opinyon** se yon ankèt sou opinyon piblik la sou baz yon echantiyon espesifik. Wòl li se pèmèt prezante opinyon yon popilasyon nan poze yon seri kesyon epi ekstrapole a pati de yo pou tabli konklizyon jeneral nan yon entèval konfyans presi. Yon **sondaj referans** se pèmèt verifye ki kote yon òganizasyon ye parapòta piblik li vize anvan li lanse yon kanpay, fè yon pwopozisyon, prezante yon pwodui. Sa pèmèt tou wè fòs ak feblès, epi bay yon lide sou ki mesaj, ki lide ki plis an akò ak sa popilasyon an panse. **Sondaj sa tou de.**

Chwa zouti

Nou kenbe menm zouti ak sondaj fen ane 2019 la: apèl telefonik o aza. Nou kenbe tou menm founisè a, Trend Media (Digicel) pou lis telefonik lan plis apèl yo.

Chwa estratifikasyon

Pou nou ka garanti reprezantativite echantiyon an, nou pati sou dènnye done Institut Haïtien de Statistiques et d'Informatique (IHSI) pou estatistik demografik ak sosyal popilasyon an; sa ki vle di, done sou laj, sèks, kote moun abite (riral/iben) ak depatman yo viv ladann nan. Done sa yo nou ekstrapole yo pou tabli yon echantiyon estratifye, yon fason pou redui erè echantiyonaj epi asire n tout kategori popilasyon ki nan done IHSI yo enkli nan sondaj la.

Dapre kalkil entèval fliktyasyon an, yon ankèt sou 1030 moun chwazi o aza gen 95% chans pou l bay yon rezilta kòrèk a ± 3 %. Estratifikasyon an pèmèt nou pi presi nan moun n ap kesyone yo, sa ki vle di, si estatistik IHSI yo bon, nou ta bezwen 545 moun ($n = t^2 \times p \times (1-p) / m^2$) pou menm rezilta a. Ak 1030 moun, maj derè a desann a ± 2 %, sa ki pa jistifye depans ak tan an plis la. Si done IHSI yo verifye, pwochen sondaj Bawomèt la yo ap gen mwens repondan. Sòf nan ka ki mande anpil prezizyon, y ap fèt ak 200 moun, pou yon entèval konfyans 95%, ak yon maj erè 5%.

Chwa Trend Media

Dapre rapò Paul Budde Communication Pty Ltd sou Telekomunikasyon an Ayiti (Mas 2019), nan lane 2018, gen 57.53 abònman telefòn selilè pou chak 100 moun an Ayiti (sa ki fè 6,354,016 abònman an tou), avèk 73.59% nan menm Digicel. Menm rapò sa tabli majorite moun ki gen telefòn Natcom gen 2 telefòn, yon Natcom, yon Digicel, kidonk erè estatistik an rapò ak itilizasyon Digicel sèlman ta dwe neglijab. Pou 2020 an, done yo pa yo chanje, menm gen yon antisipasyon ogmantasyon abone Digicel yo ak lansman pwogram tranfòmasyon Digicel 2030 lan.

Sondaj la fèt sou repondan ki gen telefòn Digicel (5 milyon moun) men sa pa vle di se sèl telefòn konpayi sa a moun sa yo genyen. Kliyan kap itilize telefòn konpayi sila pi plis lontan pami itilizatè telefòn pòtab an Ayiti (7 moun sou 10). Sa vle di chwazi echantiyon an nan mitan moun sa yo pa reprezante yon gwo danje pou analiz la an tèm de erè dapresyasyon. Pou fini, nou chwazi yon echantiyon ki gran tou (1030 moun) pou minimize o maksimòm risk pou rezilta nou yo pase a kote verite yo.

Digicel gen yon flyal pou fè rechèch sou mache a ki rele Trend Media, se ak li nou sèvi pou operasyonalizasyon sondaj la.

■ Operasyonalizasyon

Kritè

Sondaj la pran an kont 4 kritè:

- Depatman
- Iben/Riral
- Laj
- Sèks

Segmantasyon

An fonksyon done IHSI 2015 yo, repatisyon ant mil moun lan fèt konsa:

Depatman	Milye	Gason 18+	Fanm 18+	Total
Ayiti		544	525	1069
	Iben	258	273	531
	Riral	286	252	538
Lwès				365
	Iben	139	153	292
	Riral	39	34	73
Sidès				71
	Iben	7	5	12
	Riral	33	26	59
Nò				85
	Iben	18	21	39
	Riral	23	23	46
Nòdès				37
	Iben	9	10	19
	Riral	9	9	18
Latibonit				182
	Iben	42	39	81
	Riral	53	48	101

Sant				75
	Iben	7	7	14
	Riral	35	26	61
Sid				91
	Iben	12	12	24
	Riral	37	30	67
Grandans				38
	Iben	3	5	8
	Riral	15	15	30
Nòdwès				84
	Iben	15	15	30
	Riral	26	28	54
Nip				41
	Iben	6	6	12
	Riral	16	13	29

Kesyon

1- Ki wòl entènasyonal la dwe jwe nan apre Jovenel Moïse la ?

- Ankenn wòl, nou s on peyi endepandan
- Etazini dwe voye sòlda vin asire sekirite
- Nasyon Zini dwe voye yon misyon militè vin asire estabilite pou eleksyon ka fèt
- Kominote entènasyonal la dwe chita ak aktè politik yo pou jwenn yon solisyon
- Li lè pou Etazini pran peyi a, li klè Ayisyen pa konn sa pou yo fè avè l

2- Ki lè eleksyon ta dwe fèt?

- Nan mwa septanm 2021, jan l te deja prevwa a
- Anvan ane a fini
- Apre fòmasyon yon nouvo konsèy elektoral
- Apre yon gouvènman tranzisyon yon (1) lane
- Apre yon gouvènman tranzisyon de (2) lane
- Apre yon gouvènman tranzisyon twa (3) lane

3- Eske w fè nouvo gouvènman Ariel Henry a konfyans pou dirije peyi a annatandan eleksyon fèt ?

- Wi
- Non

4- Si w te reponn non nan kesyon avan an, kiyès ou panse ki ta dwe dirije peyi a annatandan eleksyon fèt?

- Prezidan Sena a
- Premyè dam Martine Moïse
- Yon jij ki soti Lakou Kasasyon
- Yon ekip tranzisyon ki soti nan yon konsansis ant aktè politik yo ak sosyete sivil la
- Pèsonn. Kominote entènasyonal la mèt mete Ayiti sou titèl li fini annatandan eleksyon ka fèt

■ Rezilta

Analiz repons yo

Divizyon nan opinyon piblik la

Rezilta yo montre anpil diferans tou nan opinyon popilasyon an sou kijan ak ki lè eleksyon ta dwe òganize. Si majorite (58%) moun ki reponn sondaj la panse peryòd tranzisyon n ap viv la ta dwe kout, yo divize sou kilè eleksyon dwe fèt e ki fòm tranzisyon an dwe pran. 27% moun panse eleksyon yo te dwe fèt nan mwa septanm jan sa te prevwa, 29% panse fò yon nouvo konsey elektoral met sou pye an pwemye, 29% panse fòk yon gouvènman tranzisyon dirije peyi a pou yon lane. 14% moun panse tranzisyon an dwe dire plis pase yon lane.

Moun ki te reponn ankèt la divize tou sou kilès ki dwe dirije peyi a nan peryòd sa. 49.5% moun ki te reponn ankèt la di yo fè premye minis Ariel Henry konfyans pou l dirije. Menm moun sa yo vle yon tranzisyon kout. Pakont, 49% moun opoze ak Ariel Henry, epi gen preske 1% moun ki pat vle bay avi yo sou pwèn sa a. Gwoup ki pa vle Henry kom chèf divize prensipalman ant yon gwoup moun (32%) ki panse se yon ekip tranzisyon ki soti nan yon konsansis nan mitan aktè politik yo ak sosyete sivil la (angwo aktè politik non eli yo) ki dwe dirije, ak yon gwoup (30%) ki panse etranje dwe met peyi a sou titèl. Yon gwoup pi piti (17%) panse se yon jij ki soti lakou Kasasyon ki dwe dirije. O total se 16% popilasyon an sèlman ki panse se yon gouvènman tranzisyon ki soti nan yon konsansis ant aktè politik non eli yo ki dwe dirije tranzisyon an.

Preferans pou eleksyon

Rezilta sondaj sa montre aklè nivo konfizyon ki genyen nan sosyete a. Men li montre tou ke elektè yo vle egzèsè dwa yo pou vote lib e libè pou chwazi dirijan yo nan yon tan ki pa twò long (yo vle yon tranzisyon kout); sa ki sanble make yon diferans ak diskou aktè politik yo k ap mande yon tranzisyon 24 mwa.

Rezilta sa yo konfime tandans nou te konstate an 2019 ak an 2020, kote popilasyon an te rejte klas politik la e te eksprime preferans li pou eleksyon ki òganize rapidman. Li montre konsistans kwayans pèp ayisyen an nan prensip demokratik yo ansanm ak volonte li genyen pou patisipe epi ede garanti eleksyon ki kredib.

Tandans pou prezève stabilite

Gen yon sanblan inèsi politik ki sanble prezan nan sondaj nou fè an 2019, 2020 ak 2021 yo; yon tandan pou valide sitiyasyon ki deja la a. Tandans sa mache kòtakòt ak nivo patisipasyon politik nan peyi a ki, an patikilye nan sa ki gen pou wè ak eleksyon, fèb anpil.

Se pa an Ayiti sèlman konsta dezafektasyon nan pati politik ak pou jwèt elektoral la egziste. Kriz politik la, kriz demokrasi a s on fenomèn mondyal. Men, kote, nan lòt peyi, gen yon sèten nivo kondisyon lavi, an Ayiti gen yon sitiyasyon fristrasyon jeneralize ki ta sipoze pouse pou chanjman men sa pa rive paske, sou yon mache, ke l politik, ke l ekonomik, pou moun pran yon lòt chimen, gen 2 kondisyon ki bezwen reyini:

1. Altènativ la dwe genyen yon òganizasyon k ap pote l ki kapab kreye yon mouvman sèl li ka kontwole pandan yon tan
2. Ajan ki pi enflyan nan sistèm nan dwe parye ansanm sou viktwa altènativ sa

Kòm nou pa genyen ni youn ni lòt, tandans pou prezève statu quo a rete fò menmsi demann chanjman an rete fò.

Etalonaj, tandans ak konparezon

Se twazyèm sondaj bawomèt Ayiti Nou Vle A. Depandaman de finans nou, lòt sondaj ap syiv epi tou n ap mete anplas yon strateji reychantiyonaj pou nou ka syiv evolisyon sityasyon politik nan peyi ak epitou valide rezilta Trend Media.

Tretman done

Done yo disponib nan fòm tablo nan lyen sa a: [Anket ANVA 2021 final](#)

Konklizyon

An konklizyon, twazyèm sondaj ANVA a raple popilasyon an kontinye vle patisipe nan desizyon k ap pran pou peyi li, nan swete pou eleksyon òganize rapidman. Menmsi rezilta yo montre anpil divèjans opinyon sou kijan tranzisyon apre Jovenel Moïse la dwe pase m gen 2 bagay ki sanble klè: kominote entènasyonal gen wòl li pou l jwe, tranzisyon an dwe kout. Ane apre ane, sondaj apre sondaj, nou konstate diferans make ki genyen ant popilasyon an ak diskisyon ki ap fèt ant politisyen ki enstale nan kapital la. Li ta bon pou, ni Core Group la, ni aktè politik ayisyen yo, kòmanse envite popilasyon an nan desizyon y ap pran yo. Gen anpil chans si, depi 2019, yo te enkli pèp ayisyen an nan refleksyon k ap fèt yo, nou t ap evite gwo kriz malouk n ap viv jounen jodi a.

Pou plis enfòmasyon sou òganizasyon sou pwogram Ayiti Nou Vle A pwopoze pou reyisi fè yon maksimòm moun al vote, vizite: www.mobilize.ht.